



Long Island Housing Services, Inc.

640 Johnson Ave., Suite 8, Bohemia, New York 11716-2624

631-567-5111 ~ LIFairHousing.org

Ap Pwoteje Dwa Sivil pou Moun Long Island yo depi 1969



© Photograph by Bernard J. Kleina

Kisa ki Lojman Jis?

Se règleman Etazini ak Lalwa pou ankouraje chwa lojman ekitab ak elimine segregasyon.

[Kisa LWA sou LOJMAN JIS federal la Entèdi?](#)

Se yon **vyolasyon** lalwa pou diskrimine akòz:

- Ras
- Koulè
- Nasyonalite
- Sèks (sa gen ladan Oryantasyon Seksyèl ak Idantite Seksyèl)
- Relijyon
- Kondisyon Familyal
- Andikap (Mantal ak Fizik)

[Kisa LWA sou Dwa Moun Eta New York la Entèdi?](#)

- Laj (18 lane oswa plis)
- Ras (sa gen ladan koutpeny pwotektris ak teksti cheve)
- Viktim Vyolans Domestik
- Estati Militè
- Eta Sivil
- Oryantasyon Seksyèl
- Idantite Seksyèl/Ekspresyon Sèks
- Kwayans
- Sous Revni Legal (Sa gen ladan Asistans Piblik, Seksyon 8, VASH, konpansasyon andikap VA, SSI, sipò timoun)
- Arestasyon (Sa gen ladan arestasyon ki te rezoud nan fason favorab, yon ajounman nan konsiderasyon ranvwa (ACOD), dosye kriminel ki sele, oswa yon ofans abitrè minè)
- Estati Sitwayen ak Imigrasyon

[Kisa LWA sou DWA MOUN Konte a Entèdi?](#)

Anplis lwa pwotektè ki dekri anwo yo, Konte Suffolk entèdi diskriminasyon tou sou baz **Estati Veteran**, Estati kòm yon **Viktim Vyolans Domestik**, oswa **Idantite Gwoup**. (Idantite Gwoup gen ladan **laj** reyèl oswa aparant, **estati imigran** oswa **sitwayen**, **sèks**, **oryantasyon seksyèl**, ak **estati militè**.) Konte Nassau entèdi diskriminasyon tou sou baz **Estati Veteran**, **estati Sekouris**, ak **Etnisite**.

Kontakte Sèvis Lojman Long Island (631-567-5111) pou enfòmasyon ki gen rapò ak ranfòsman aplikasyon lwa lokal konte yo oswa pou konsilte sou enpak divès. Yo ankouraje pou rapòte vyolasyon sa yo nan fason pou dokimante bezwen aplikasyon an nan ka sa yo epi ankouraje chanjman.

A 501(c)(3), ajans ki pa fè pwofi, lojman jis

Misyon nou se elimine diskriminasyon ilegal nan zafè lojman ak pwomosyon pou lojman desan ak abòdab atravè pledwaye ak edikasyon.